*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№142 (26594)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2026 азы 8 август – майрæмы мæйы 8 бон, сабат

Аргъ 10 сомы

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
https://max.ru/id1504031916_gos

КÆСУТ НОМЫРЫ:
2 УЫЦЫ БОНТÆ МЫСГÆЙÆ
3 ÆНЦОЙБОНЫ ФАРС
4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ *Физкультурничы бон*

**Аразæджы бонмæ**

## Хуызæртæн – хæрзиуджытæ

**Æрвылаз августы дыккаг хуыцаубоны нæ бæстæйы сбæрæг кæнынц Аразæджы бон. Ацы аз у юбилейон – райсом æй Уæрæсейы сбæрæг кæндзысты 70-æм хатт. Уый у, йе 'рвылбоны архайдæй нæ республикæ æмæ нæ паддзахады фидæн чи аразы, уыдоны профессионалон бæрæгбон. Фидаргонд æрцыд 1955 азы 6 сентябры Советон Цæдисы Сæйраг Советы указмæ гæсгæ.**

Аразæг у зæххыл æппæты рагондæр дæсныйад – равзæрд фыццаг адæймагимæ. Цæрæн бынат, доны сæрты хид, фæндаг – уыдон нын сты аразæджы лæвæрттæ. Æнцон нæу цыфæнды боныхъæды дæр куысты сæргъы æрлæууын, фæлæ нæ царды ахсджиаг бынат кæй ахсынц, уый дæр дызæрдыггаг нæу. Абон нæ горæттæ æмæ хъæутæ уыдоны къухты æвæллайгæ фæллойæ рæсугъд кæнынц, нырыккон хуыз исынц, æмæ сын уый тыххæй кад кæнæм.



Аразæджы боны кадæн Уырыссаг академион театры цы æмбырд арæзт æрцыд арæзтадон къабазы ветерантæ æмæ абоны хъазуатон кусджыты кадæн, уырдæм арфæтимæ æрбацыдысты РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг **Сергей Меняйло**, РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдары фыццаг хæдивæг **Атарты Георги**, арæзтад æмæ архитектурæйы министр **Бетанты Марат**, культурæйы министр **Гуыдиаты Батрадз** æмæ Дзæуджыхъæуы бынæттон хиуынаффæйады администрацийы разамонæг **Милдзыхты Вячеслав**.

Регионы разамонæг йæ арфæйы ныхасы загъта:

– Цæгат Ирыстоны егъау проекттæ æххæстгонд цæуынц: аразæм æмæ цалцæг кæнæм скъолатæ, рæвдауæндæттæ, культурæйы артдзæстытæ, рынчындæттæ, цæрæн хæдзæрттæ. Нæ хъæутæ æмæ горæтты æддаг бакаст аивдæр кæны, фæзынди дзы зæрдæмæдзæугæ ног фæлладуадзæн бынæттæ, æнцонвадат фалдзустæ. Æппæт уыдæттæ сты сымах æрвылбоны æнæхин куысты руаджы.

Уæлдай арфæйы аккаг сты, абон Запорожьейы облæсты Черниговскаг муниципалон зылды уæззау уавæрты чи архайы, социалон объекттæ чи цалцæг кæны, уыцы ирыстойнаг аразджытæ, мах сæ сæрбæрзонд стæм.

Нæ зæрдæ райы фæсивæды архайдæй дæр – колледжтæ æмæ уæлдæр ахуыргæнæндæтты студентты ныртæккæ фенæн ис республикæйы арæзтадон фæзты. Абон уым цы фæлтæрддзинад райсой, уый сын сæ фидæны царды ахъаз уыдзæн.

Зæрдиаг арфæ кæнын арæзтадон къабазы кусджытæн! Бузныг уæ куыстуазондзинад æмæ арæхстдзиады тыххæй. Хуыцауы хорздзинæдтæй хайджын ут, æнæниз æмæ æнæмастæй цæрут! – загъта Сергей Меняйло.

Бæрæгбон æнæ хæрзиуæг нæ вæййы, æмæ сæ фæллойадон бæрзонд бæрæггæнæнты фæстиуæгæн регионы Сæргълæууæг сæмбæлын кодта, хорзæхджын дзы чи 'рцыд, уыдоныл.

Æнæххæстбарджын æхсæнад «Южсталь-конструкция»-йы разамонæг **Дзидзойты Хъазыбеджы фырт Мурат** райста арфæ Уæрæсейы Федерацийы Арæзтад æмæ цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады министрады бардзырдмæ гæсгæ; РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы Указмæ гæсгæ Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы сгуыхт аразæджы ном лæвæрд æрцыд Мæздæджы муниципалон районы архитектурæ æмæ арæзтады хайады хицау **Эльнарæ Рамизы чызг Заздравныхæн**. Арæзтады къабазы æнтыстджын куысты тыххæй РЦИ-Аланийы Кады гæххæттæй хорзæхджын æрцыдысты Æнæххæстбарджын æхсæнад «Ремграж-данреконструкция»-йы кусæг **Бæззаты Тузары фырт Толик**, Æнæххæстбарджын æхсæнад «Корпорация – Регионстрой»-ы сæйраг бухгалтер **Бестауты Русланы чызг Эльвирæ** æмæ къабазы иннæ æнтыстджын кусджытæ.

Кæронбæттæны республикæйы аивадон коллективтæ сæ курдиæттæй барухс кодтой бæрæгбоны архайджыты зæрдæтæ.

**ГАПБАТЫ Алетæ**



Къамтæ систа Татьяна ШЕХОДАНОВА

**Бæрæгбон**

## Ацы аз – юбилейон




Аразæджы боны агъоммæ нæ фæнды радзурын газеткæсджытæн, ацы азы дæргъы цавæр куыстытæ бакæнын ис нæ зæрды, уый тыххæй. Цыппар национ проекты фæлгæты мах царды рауадздзыстæм сæдæйы бæрц мадзæлттæ. Уыдонимæ сты ахуырад, æнæниздзинад хъахъхъæнынад æмæ социалон къабазы объектты арæзтад, стæй бындурон цалцæг. Уырдæм ма хауынц æхсæнадон фалдзусты фæлгонцад æмæ инженерон инфраструктурæ скæнын дæр.

«Фæсивæд æмæ сабитæ»-йы национ проекты фæлгæты куыст цæудзæн 32 объектыл, уым сты дыууæ скъолайы арæзтад, 24 скъола æмæ 6 колледжы бындурон цалцæг. Национ проект «Бинонтæ»-йы фæлгæты та бындуронæй сцалцæг кæндзыстæм скъолайы агъоммæ ахуырады æхсæз кусæндоны, сывæллæтты дыууæ рæвдауæндоны та аразгæ скæндзыстæм.

Кæронмæ фæхæццæ кæнынц хæдзар-интернат æмæ Мæздæджы сывæллæтты аивадон скъолайы арæзтад, стæй дыууæ чиныгдоны æмæ Культурæйы хæдзары цалцæггæнæн куыстытæ. Национ проект «Дæргъвæтин æмæ разæнгард царды» федералон проект «Æнæниздзинад хъахъхъæнынады фыццаградон къæпхæн рацаразыны» фæлгæты нысан кæнæм саразын æнæниздзинад хъахъхъæнынады 11 объекты, уыдонимæ бындуронæй цалцæггонд 3 кусæндоны, стæй модулон хæйтты фæрцы арæзт 8 фелсырон-акушерон пункты æмæ амбулаторийы.

Национ проект «Царды инфраструктурæ»-йы фæлгæты федералон проект «Горæты мидæг удæнцой цард»-ы фæлгонцад цæудзæн дыууæ уæлахиздзау горæты æмæ цыппор иу æхсæнадон территорийы, уырдæм хауынц цæугæдоны былгæрæттæ, парктæ, сквертæ. Дарддæр хæццæ кæндзыстæм территориты иумæйаг рæзты проект.

Зæрдыл æрлæууын кæнæм уый дæр, æмæ 2026 азы Аразæджы бон кæй у юбилейон. Фыццагдæр æй сбæрæг кодтой кадджын уавæры 1956 азы 12 августы.

**РЦИ-Аланийы Арæзтад æмæ архитектурæйы пресс-службæ**

**Æхсæнад**

## Хæстонтæ æмæ сæ бинонтæн æххуыс



**Ацы азы райдайæнæй сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæ æмæ сæ бинонты уæнгтæй 200 фылдæр баулæфыдысты æмæ се 'нæниздзинад фæфидардæр кодтой республикæйы санаториты.**

Ам дзы алкæмæн дæр хицæн программæ саразынц дохтырты амынддзинæдтæм гæсгæ. Снысан сын кæнынц дзæбæхгæнæн процедурæтæ, физиотерапия, массаж, физкультурæ, дæттынц сын психологон æххуыс. Уый тыххæй йæ телеграм-каналы фехъусын кодта регионы Сæргълæууæг **Сергей Меняйло.**

Æппæт уыцы мадзæлттæ, куыд нæ хæстонтæн, Ирыстонмæ сыздæхгæйæ, афтæ сæ бинонтæн дæр ахъаз сты се 'нæниздзинад æмæ тых фæфидардæр кæнынæн.

Уæлæмхасæн информацирайсынæмбæлы республикæйы районты социалон æххуысы управлениты кæнæ та фонд «Фыдыбæстæ хъахъхъæнджытæ»-йы регионалон дæлхайады.

**БУТАТЫ Азæмæт**

**Социалон фондæй**

## Хъыгдардбаййафджытæн – хæдтулгæтæ

**Куыстады хъыгдард чи баййæфта, Уæрæсейы Социалон фонды регионалон хайад уыцы цыппар цæгатирыстойнаг адæймагæн радта ног хæдтулгæтæ.**

Ацы адæймæгтæй алкæмæн дæр йæ миниуджытæ æмæ физикон гæнæнтæ нымайгæйæ, хæдтулгæтæ «Лада Грантæ» кусæнгæрзтæй ифтонггонд сты. Ацы хæдтулгæты фæрцы сахъат адæймæгтæ цардархайды гæрæнтæ аиуварс кæнынц, стæй активон æхсæнадон цардмæ æрбаздæхынц.

Бæстæйы Социалон фонды цæгатирыстойнаг хайады разамонæг **Милдзыхты Аслан** хъыгдардбаййафджытæн радта ног хæдтулгæты дæгъæлтæ. Ацы аз хæдтулгæтæ балхæнынæн радих кодтой 5 милуан сомы. Амынд регионалон хайад кæй æххæст кæны, сæрмагонд транспортон фæрæзтæ радтыны æууæл нымад у куыстады фæцæфуæвæг кæнæ профессион низрайсæг адæймæгты уыцы комплексон социалон æмæ профессион реабилитацийы хайыл. Ацы куыст æххæст кæныны заман хъыгдардбаййафæг адæймаджы реабилитацийы индивидуалон программæ нымад æрцæуы.

– Æддаг бакастæй хуымæтæджы хæдтулгæтæй чи нæ хицæн кæны, сахъат адæмæн лæвæрд уыцы хæдтулгæтæ мидæгæй ифтонггонд сты бынтон æндæр уагæй. Фидæны хæдтулгæскъæрæджы æнæниздзинады хицæн æууæлтæ нымайгæйæ, сæрмагонд транспорт заводы сифтонг кодтой æмбæлгæ кусæнгæрзтæй. Царды стыр зындзинæдтыл сæмбæлæг адæймæгтæ фæивæг уавæрты ногæй цæрыныл цæмæй сахуыр уой, сæрмагонд транспорт уымæн ахъаз кæны. Хъыгдардбаййафæг адæймаг сæрмагонд транспорты фæрцы удæнцойдзинад банкъары, – зæгъы амынд регионалон хайады разамонæг Милдзыхты Аслан.

Хæдтулгæ скъæрыны фæдыл медицинон æвдисæнтæ кæмæ ис, транспортон фæрæзтæ радтынц æрмæст ахæм адæймæгтæн. Хæдтулгæйæ пайдакæнынады æмгъуыд у 7 азы дæргъы (ацы рæстæджы фæуды размæ хæдтулгæ нæдæр уæй кæнын, нæдæр æй æртыккаг адæймагæн дæттын æмбæлы). Фæстæдæр хъыгдардбаййафæг адæймаджы реабилитацийы программæмæ гæсгæ, бæрæггæнæнтæ кæд ис, уæд амынд адæймагæн ног хæдтулгæ радтынц (раздæр ын кæй радтой, уыцы хæдтулгæ дæр æм баззайы).

Хæдтулгæ балхæнынæй фæстæмæ Уæрæсейы Социалон фонды цæгатирыстойнаг хайад радон лæггадкæнынадыл æмæ артагсæрдæн æрмæджытыл хæрдзтæ бахгæны, æрвылаз ОСАГО-йы полисы аргъы æмбис бафиды, стæй, транспортон фæрæзæй пайдакæнынады æппæт заман иунæг хатт баххæст кæнæн кæй ис, уыцы бындурон цалцæггæнæн куыстыл хæрдзтæ бахгæны.

Хæдтулгæтæ радтынæй фæстæмæ Социалон фонды республикон хайад куыстады хъыгдардбаййафæг адæймæгты медицинон, социалон æмæ профессион реабилитацийыл уæлæмхасæн хæрдзтæн æхца рахай кæны. Ацы адæмæн протезтæ аразыны, санаторитæ æмæ курортты хи дзæбæх кæныны æмæ ногæй ахуырад райсыны фæдыл хæрдзтæ бафидынц. Бахъуаджы заман хъыгдардбаййафджытæн реабилитацийы æмбæлгæ техникон фæрæзтæ радтынц.

**УФ-йы Социалон фонды цæгатирыстойнаг хайады пресс-службæ**

08.08.08

# Уыцы бонтæ мысгæйæ

## Абон Хуссар Ирыстоны æрфидар сабырдзинад. Афтæ уæд алкæддæр!

Абон, æстдæс азы размæ, Хуссар Ирыстонмæ 'рбалæбурдтой гуырдзиаг экстремисттæ æмæ националисттæ, æмæ уыцы цаутæ историйы сыфты фыст æрцыдысты куыд «фондзбонон хæст».

8 августы æхсæвы гуырдзиаг артиллери æхсын райдыдта Цхинвал, уый фæстæ се 'фсæдтæ архайдтой Хуссар Ирыстон бацахсыныл. Гуырдзиаг хъæутæ Никъози æмæ Эргнетийы 'рдыгæй горæт æхстой «Град»-тæ , гаубицтæ æмæ ставдкалиброн минæтæхсæнтæй.

Нæ хуссайраг æфсымæртæм фæдисы ацыдысты Цæгат Ирыстонæй бирæ хæстхъом адæм, медицинон кусджытæ, Цæцæны республикæйы минæвæрттæ, Кæсæг-Балхъарæй – сæ Парламенты Сæрдар Ануар Чеченовы бардзырдмæ гæсгæ – «Медицина катастроф»-ы бригады авд машинæйы – æвддæс адæймаджы, лæппутæ, сæ сæргъы – Алим Карданов, афтæмæй.

Уыцы хæсты хæдфæстæ ацы рæнхъыты автор дæр уым балæууыд, федтам, цы фыдбæллæхтæ сарæзтой нæ раздæры «æфсымæртæ», уыдон, фембæлдыстæм Парламенты Сæрдар Гасситы Знауыримæ – уыцы бон сыздæхт Мæскуыйæ. Уыдыстæм стыр цатыртæй горæты – госпитæлы, аныхас кодтам цæф салдæттимæ. Базонгæ стæм бынæттон журналисттимæ. Хъуыды кæнын, Гаглойты Иринæйы разамындæй пресс-центры къах æрæвæрæн нæ уыд, уацхæсджытæ – Уæрæсейы алы къуымтæй, Приднестровьейы минæвæрттимæ дæр ма базонгæ стæм... Иринæ кæд тынг фæллад уыд, уæддæр немæ аныхас кæнынæн рæстæг ссардта. Куыд нын радзырдта, афтæмæй йæ æрвылбон дзуапп дæттын хъуыдис телефонæй мингай дзурджытæн Уæрæсейы алы рæттæй, хæстæг æмæ дард фæсарæнтæй.

Горæт цъæх-цъæхид дардта – уый, гуырдзы цы хæдзæрттæ, агъуыстытæ фехстой, уыдон хызæй æрæмбæрзтой. Цхинвалы рынчындоны аныхас кодтам тынг фæллад сæйраг дохтыр Кокойты Нодаримæ, федтам, стыр артиллерион хотых дыууæ уæладзыджы 'хсæн куыд ныссагъд, уый. Стæй дыууæ æрдæгсыгъд гуырдзиаг танчы – горæты астæу...

Диссаг та уый уыд, æмæ, хæст куыддæр фæци, афтæ Хуссар Ирыстонмæ æзфæраздæронæй æрбахæццæ сты араздзжыты, монтажникты бригæдтæ Кæсæг-Балхъарæй, Цæцæнæй, Хъæрæсе-Черкесты Республикæйæ, кусгæ та кодтой, кæрæдзийы ивгæйæ.

Курта, Тамарашени, Къехви – гуырдзиаг хъæуты цæрæг нал баззад, алыгъдысты. Хъуыды кæнын, кæмæндæр йæ цæвæг кæрты астæу тъыстæй баззад, иннæ ран – сылгоймаджы хæдзарон къахыдарæс... æмæ цъæхцъæхид арвы бын – диссаджы зад фæткъуыбæлæстæ, сæнæфсир...

Уыцы фондз боны цаутыл бирæ дзурын æмбæлы, ирон адæмы историйы баззайдзысты. Уæрæсейы уæды Президент Дмитрий Медведев фехъусын кодта, кæй райдыдта операци «Принуждение Грузии к миру». Нæ бæстæйы адæм равдыстой диссаджы иудзинад. Афтæ – абон дæр, сæрмагонд æфсæддон операцийы æнгом лæууынц кæрæдзимæ иумæйаг знаджы ныхмæ. Уæлахизы бон, æнæмæнг, ралæудзæн.

**ГАПБАТЫ Алетæ**




# Нæ сафæг, нæ ирвæзынгæнæг август

**Фæндонмæ гæсгæ хъысмæт нырма никæй хай фæцис. Иунæг адæймаг, иунæг адæмыхатт дæр разы никуы уыди йæ хъысмæтæй. Истори мах нæ фæрсы, йæ тугæйдзаг сыфтыл цы ныффысса, уымæй. Цæуы, тулы размæ æмæ Балсæджы цалхау йæ быны ссæнды алкæй дæр æмæ алцы дæр. Фæлæ алцæмæн дæр вæйййы кæрон, райдайæн ын куыд ис, афтæ... Мах бирæ зынтæ æмæ хъизæмæрттæ бавзæрстам, истори нын нæ зæрдæхæлар фыдæлты аххосæй нæ бæрзæйыл цы гуырдзиаг æфсондз сæвæрдта, уый бын. Иу тугуарæн, иу геноцидæй-иу нæма фервæзтыстæм, нæ хъæдгæмттæ-иу кæронмæ нæма байгас сты, афтæ та-иу ферох кодтам алцыдæр, нæ зæрдæтæ-иу æрфæлмæн сты нæ цыфыддæр знагмæ. Афтæмæй та-иу сын иу цагъдуæлдай фæлтæр ног фæлтæр схъомыл кодта нæ Иры зæххыл — цæгъдынæн, амæттагæн...**

Мах, абоны фæлтæр, æрмæстдæр историйы сыфтæ фæлдахгæйæ зыдтам, ссæдзæм азы нæ гуырдзы куыд æмæ цы амæлттæй цагътой, уый. Æхсаргæрдтæ æмæ джебогътæй, сармадзантæй. Кæм фистæгæй, кæм — бæхтыл, афтæмæй нæм æрбацыдысты бур нымæтты. Августы хæсты та, зæхх кæй быны рызти æмæ сыгъди, арвыл цъæх арт чи æфтыдта, ахæм нырыккон хæцæнгарзæй уыдысты хæстифтонг, афтæмæй æрхъавыдысты нæ фыдæлты тугæй æлхæд зæххæй æдзæрæг быдыр саразынмæ. Сæхи ныфс, сæхи хъаруйæ нæ — америкаг æмæ ныгуылæйнаг æфсад æмæ хæцæнгарзы ныфсæй. Æмæ уæд, уыцы æвирхъау хæсты цæхæры ма ам чи баззад, уыдон иууылдæр сты хъайтартæ чысылæй-стырæй, сылгоймагæй-нæлгоймагæй. Мардысты, сыгъдысты, алкæмæ дæр дзы уысмæй-уысммæ æввахсдæр кодта йæ мæлæт, фæлæ йæ тас æндæртæн ничи æвдыста, тæрсгæйæ, кæугæйæ амæлын йæ сæрмæ ничи хаста. Уæддæр кæрæдзийæн ныфсытæ æвæрдтой, кæд сæ ныфсæвæрæн ныхæстæ никæйуал уырныдтой, уæддæр. Алчидæр хъуыды кодта ууыл, кæд дзы æнæмæлгæ нал и, уæд йæ мæлæтæй уæддæр æрхæсса исты пайда йæ удисæг горæтæн, йæ удисæг бæстæйæн... Ам куы ничиуал уыдаид, уæд ма стыр Уæрæсейы хæстон тыхтæ кæй ирвæзын кæнынмæ, цы 'фсон хъуамæ 'рцыдаиккой Хуссар Ирыстонмæ?.. Дызæрдыг ничи кæны ууыл дæр, Уæрæсе нæм æххуысмæ куы нæ æрцыдаид, уæд не знæгтæн, æнæмæнг, бантыстаид Хуссар Ирыстонæй сыгъд быдыр саразын. Фæлæ ма ам цы армыдзаг хæцæг лæппутæ баззад, уыдон райдайæны фидар куы нæ фæлæууыдаиккой, уæд ма уырыссаг æфсæдтæ ардæм кæй хъахъхъæнынмæ æрцыдаиккой?.. Стæй хъуамæ ма рох кæнæм уый дæр, æмæ гуырдзыйы тугмондаг, фæлæ тæппуд æфсадæн уырыссаг хæстонты æрцыдмæ дæр се уæнджы мигъ кæй бадти. Уыдон зыдтой, хохæн йæ фаллаг фарс, Захъайы, Зæрæмæджы кæмтты кæй ис бирæ фезмæлынæввонг хæстон техникæ. Æмæ тарстысты, фыртæссæй иу къахдзæф размæ кодтой, дыууæ — фæстæмæ. Фæлæ сæ размæ ссыдта Саакашвилийы сæрхъæн тугмондаг политикæ. Сæ тас та алыхуызон хостæ æмæ наркотиктæй кæй хуыдуг кодтой, уый сыл бæрæгæй зынд — чи-иу дзы дæлгоммæ ныффæлдæхт зæххыл æмæ, æрдæгæргæвст хуыйау, хъыллист кодта, чи та-иу дзы йæ автомат йæхиуæттырдæм фездæхта. Афтæмæй нал ауæрстой марынил, пырх кæнынил, судзынил. Горæт хуыдуг кодта сау æмæ æнуд фæздæджы. Уыцы фæздæджы сæ удтæ истой царды мидис æмæ удæгас баззайыны ныфс...

Уæрæсейы дзыллон хабархæссæг фæрæзтæ фæйнæрдæм фæдисы дзæнгæрджытæ цагътой, æгас дунейæн хъусын кодтой, гуырдзы ирон адæмы бынсæфт кæнынмæ кæй æрхъавыдысты, фæлæ, Гуырдзыстоны уыцы тугуарæн хæстмæ чи разæнгард кодта, уыцы ныгуылæйнаг бæстæтæ Америчы Иугонд Штатты ардыдæй къуырмайы 'фсон скодтой, кæд алцыдæр зыдтой, уæддæр. Зыдтой, уымæн æмæ сæхи сценаримæ гæсгæ уыдис августы хæст. Цæмæдæр гæсгæ сæ уырныдта, Уæрæсе йæ ныфс кæй нæ бахæсдзæн, уыцы тугуарæн хæсты йæхимæ бæрнондзинад райсын, армытъæпæны йас Хуссар Ирыстон фесафынæй ахсджиагдæрыл кæй банымайдзæн йе стыр политикон-экономикон ахастытæ ма фесафын æмæ сын кæй ратдзæн уыцы-иу рацъыккæй Хуссар Ирыстон фæнык фестын кæнын æмæ йæ фæстæмæ гуырдзыйы хъуыры атъыссыны бар. Фæлæ сæ сæ фын фæсайдта. Уæрæсе ахызт æппæт политикон, экономикон тасдзинæдты сæрты дæр. Сæйрагыл банымадта лæгдзинад æмæ паддзахадон сæрыстырдзинад. Æвæццæгæн, Саакашвилийы йæ сæрхъуызойтæ куыд бауырнын кодтой «йæ цыбырæмгъуыдмæйы уæлахиз», афтæ йыл уый та йæ тæппуд æфсады бауырнын кодта, æмæ Хуыцауæй дæр нал тарстысты, цыфыддæр, цыæбуалгъдæр хъуыддæгтыл æлгъ нал кодтой.

Фæлæ алцæмæн дæр кæрон кæй ис, уый нæ фидарæй бауырныдта августы хæсты фæстæ. Уæд нæм афтæ фæкаст æмæ нæм ныр дæр афтæ кæсы, цыма истори «фаг у» загъта нæ фыдæвзарæнтæн. Чи зоны, мæлæты, бынсæфт фæуыны тас уæдæй тынгдæр кæй никуы банкъардтам, фæлæ кæй фервæзтыстæм, уый тыххæй... Чи зоны, фæлæ «чи зонытæ» æгæр бирæ сты, хъысмæты æгъатырдзинад æмæ знаджы фыдæх зæххон лæгимæ лымæн кæм не сты, уыцы уæлзæххон дунейы... Фæлæ, æцæгдæр, афтæ уыд, уæды хуызæн нæ никуы бауырныдта, уыцы хæст нын кæройнаг хæст, фæстаг геноцид кæй уыдзæн, уый. Уымæн æмæ мах, уыцы хæстæн æвдисæн чи уыд, уыцы фæлтæр, нæхи цæстæй федтам, нæхиуыл бавзæрстам, стыр Уæрæсе нын цы иузæрдион æххуыс бакодта, уый. Уыцы æххуыс йæ гуырахст æмæ йæ политикон нысанмæ гæсгæ ахæм хъомысджын уыд, æмæ нæ бауырныдта, ахæм хъомысджын æххуыс æмæ ахсджиаг политикон къахдзæфы фæстæ Уæрæсейæн цыфæнды вазыгджын геополитикон интерестæ дæр йæ къух кæй никуыуал сисын кæндзысты йæ равзæрст фæндагыл.



**ГÆБÆРАТЫ Юри, Цхинвал**

# Ныр дæр ма нæ зæрдæтæ риссынц...

**Æстдæс азы... Уый бæрц рацыд 2008 азы августы æвирхъау хæстæй, фæлæ нæ зæрдæтæ риссынц раздæрау.**

Хæст... Хъизæмæрттæ... Цæссыгтæ... Рыст... Ницавæр ныхæстæй ис равдисæн, уыцы æбуалгъ хæсты азары чи бахауд, мæлæты цæстæнгасмæ комкоммæ чи каст, йæ судзгæ комулæфт ын чи æмбæрста, уыдоны хъизæмæрттæ. Нæй сын рохгæнæн дæр. Гуырдзиаг æрбабырсджытимæ тохы хъæбатырæй фæмард сты фондз бархионы Цæгат Ирыстонæй. Абон дзы сæ иуы тыххæй радзурдзыстæм нæ газеткæсджытæн.



Мæлдзыгаты Джемал райгуырд 1961 азы Хуссар Ирыстоны Хетæгкаты хъæуы. Астæуккаг скъола каст фæуыны фæстæ ахуыр кæнынмæ бацыд Дзæуджыхъæуы арæзтадон техникуммæ æмæ дзы тагъд рæстæгмæ райста кусæг дæсныйад. Æфсады йæ хæс ахицæн кæнгæйæ, кусын райдыдта Беслæны бетоны заводы. Цыбыр рæстæджы фæстæ йæ цард баиу кодта Сотаты Мзияимæ. Иумæ хъомыл кодтой дыууæ фырты Эльбрус æмæ Рустамы. Йæ царды фæстаг азты Джемал куыста гом акционерон æхсæнад «Ариана-С»-ы.

Кæд бинонтæ Беслæны цардысты, уый Джемалæн ссис йæ дыккаг фыдыуæзæг, уæддæр нæ рох кодта, кæм райгуырд æмæ схъомыл, уыцы Хетæгкаты хъæу. Уым цардысты йæ ныййарджытæ, йæ кæстæр æфсымæр æмæ йæ дыууæ хойы. Куыд уарзæгой фырт æмæ æфсымæр, афтæ Джемал арæх бæрæг кодта йæ хиуæтты.

Джемал уарзта йæ адæмы æмæ æдзухдæр мæт кодта йæ хъысмæтыл. Гуырдзиаг æрбабырсты рæстæг 1989-1992 азты уый йæ куыст ныууагъта, ссардта хæцæнгарз æмæ цалдæр æмбалимæ ацыд йæ фыды уæзæг хъахъхъæнынмæ. Гуырдзиаг лæгсырдтæ Къехвийы фæндаг æрæхгæдтой, æмæ Джемал йе 'мбæлттимæ хъæды уылты сæ хъæумæ бахæццæ сты. Ам иннæ хъæбатыр фæсивæдимæ æртæ азы тох кодта Хуссар Ирыстоны сæрибар æмæ хæдбардзинадыл.

2008 азы 4 августы, йæ райгуырæн боны, Джемал æрцыд йæ уарзон хъæумæ. Лæгъстæ кодта йæ ныййарджытæн, цæмæй уал цæрынмæ уымæ рацæуой, цалынмæ бæстæ нæ басабыр уа, уæдмæ. Бинонты хистæр не сразы, æмæ Джемал фæстæмæ æрыздæхт Беслæнмæ.

6 августы, знаг Цхинвал æмæ Цхинвалы районы хъæутыл ихуарæгау нæмгуытæ куы калдта, уæд Джемал йæ ныййарджытæн ницы загъта, афтæмæй фæстæмæ ныццыд хъæумæ æмæ йæ къухтæм хæцæнгарз райста. Йæ фарсмæ уыд йе 'фсымæр Джемир дæр. Дыккаг бон знаг æрбакалдта танктæ. Гуырдзиаг лæгмартæ бацахстой Хетæгкаты хъæу. Джемалы зæрдæ фехсайдта йæ ныййарджытæм æмæ æвæстиатæй, пиллон арты цы хъæу сыгъд, уырдæм араст. 26-аздзыд Томайты Æхсаримæ бахæццæ сты хъæумæ. Хъæугæрон аргъуаны цур ауыдтой æфсæддонты. Æхсар фенхъæлдта, нæхионтæ сты, фæурæдта машинæ, æмæ, «Мах ирæттæ стæм!» хъæргæнгæ, азгъордта уыдоны 'рдæм. Автоматы къæр-къæр айхъусгæйæ, Джемал бамбæрста, ныхæй-ныхмæ знагыл кæй сæмбæлдысты, уый. Дæс минуты тох кодта знагимæ, цалынмæ йын гранат йе 'рыгон уд нæ аскъуыдта, уæдмæ...

Хуссар Ирыстоны Президент æмæ РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы бардзырдтæй Мæлдзыгаты Лаврентийы фырт Джемал йæ амæлæты фæстæ хорзæхджын æрцыд майдантæй «Фыдыбæстæ хъахъхъæнæг» æмæ «Ирыстоны намысæн»-æй.

Фæлæ уыл бинонты хъизæмæрттæ нæ ахицæн сты. 2009 азы 9 майы Джемалы фыд Лаврент йæ фыстæ хизынмæ ратардта, æмæ йыл гуырдзиаг минæ схæцыд.

Хæст алыхуызон у... Нæ цæстытыл ауайы адæмы мысинæгтæ сæ хиуæттæ æмæ зонгæты царды тыххæй. Уыдон агайынц зæрдæтæ æмæ æнустæм баззайынц нæ мысинæгты. Афтæ Джемал дæр æнустæм баззайдзæн, куыд йæ хиуæттæ, чи йæ зыдта, уыдоны зæрдæты, афтæ историйы дæр.

**ГÆЗЗАТЫ Дианæ, архивæй**

# Бæргæ уарзта цард...

**Нæ зæрдæтæ бæргæ дардтам, Беслæны фылбæллæхы фæстæ Ирыстоны адæм рыст æмæ уыйас хъыг кæй нал бавзардзысты, ууыл. Фæлæ уый фæстæ æрмæстдæр цыппар азы рацыд, æмæ та сау цæргæс — хæст Ирыстон бавзæрста.**



Хуссар Ирыстоны цард нывыл кæнынмæ февнæлдта, фæлæ æваст гуырдзиаг экстремистты нæмгуыты бын æрбайхæлд. Æмæ цæстысыгтæ æмæ туджы зæйтæ акалдысты. Йæ цардвæндагыл уæндонæй цæуын чи райдыдта, уыцы сæдæгай адæймæгтæ фæмард сты, сæ хиуæттæн ныфс æмæ астæуккаг цæджындз, се скаст чи уыд, уыдон бавзæрстой мæлæт...

Йæ бæллицты иунæг хай дæр равдисын йæ къухы нæма бафтыд, афтæмæй Дриаты Мурат, æнæзонгæ адæмы цард ирвæзын кæнгæйæ, йæхиуыл нæ ахъуыды кодта. Дриаты бинонтæн иунæг лæппу нæ уыд, Терезæ æмæ Хасаны фырт бæрæг дардта йæ хæларзæрдæйæ, искæмæн баххуысмæ цæттæдзинадæй.

Хæсты æвирхъау бæллæхтæ Мурат бавзæрста фыццаг æрбабырсты рæстæг, уæд ыл цыдис 13 азы. Йæ пырхгонд хæдзар уадзгæйæ, Мурат йæхицæн загъта, æнæмæнг ардæм кæй æрбаздæхдзæн æмæ йæ хæдзар ногæй кæй сараздзæн, ахæм ныхас. Уым бынат уыдзæн йæ хиуæттæн, йе 'рдхæрдтæн, æмбæлттæн...




Уæдмæ æрцардысты Ног Бæтæхъойыхъæуы, сабыргай сæ цард арæзтой, йæхи къухтæй бавнæлдта хæдзар аразынмæ. Ахуыр дæр ууыл скодта, дæсныйады сусæгдзинæдтæ та йын цард амыдта. Ардæм æрласта йæ ныййарджыты, бакодта бинонты хъуыддаг. Фæлæ йæ бæллиц йæ зæрдæйы цард. Йæ цардæмбал Иринæ дæр ацы хъæуккаг уыд, лæппу йыл йæ цæст раджы æрæвæрдта...

Уарзондзинад хъæрæй ныхæстæн нæ быхсы, баиу кодтой сæ цард, фæзынд сын замманайы хъæбул – Миленæ. Къæбæлдзыгсæр, худынмæ цæттæ, йæ фыды æнгæс гыццыл къона. Уыцы æвирхъау æхсæвы агъоммæ Мурат афтæ дæр нæ бафынæй, цыдæр фыдбылызмæ цыма æнхъæлмæ каст, уыйау. Уым, фæсхох баззадысты йæ хотæ. Куыддæр æрбабырсты тыххæй базыдта, никæмæн ницы загъта, афтæмæй фæраст ис фæндагыл...



Фæлæ фæндагыл бахауд знæгты нæмгуыты бынмæ, судзгæ цы машинæтæ кодтой, уыдонæй цæфты æдас ранмæ ласта, афтæ дæр бынатмæ нæма бахæццæ. Зонгæ кæй нæ кодта, уыдоны цард ирвæзын кæнгæйæ йыл сæмбæлд нæмыг... Йæ мад Терезæйы нырма дæр нæ уырны, афтæ йæм кæсы æмæ тагъд йæ фырт æрбахиздзæн къæсæрæй. Хæдзары алы фæзилæн, алы къуым, алы дур дæр Мураты фыдæбон зонынц. Дриаты Мурат та бахуддзæн, зæрдæбынæй «алцыдæр хорз уыдзæн», зæгъгæ, зæгъдзæн...

Уыдæттæ уырнынц йæ гыццыл Миленæйы дæр, кæцыдæр хатт æм мад куы фæхыл кæны, уæд ыл йæ зæрдæ дæр фæхуды, æппынæдзух кæсы йæ фыды къаммæ. Мæнæ тагъд дуары къæсæрæй йæ тыхджын, хæларзæрдæ фыд Мурат æрбахиздзæн æмæ йæ хъæбулы йæ хъæбысы сисдзæн...

**БÆДТИАТЫ Оксанæ, архивæй**




Ирон хабæрттæ

# Ноджыдæр та Цъамады Цъынгуыр

***(Радзырдта йæ Хъайтыхъты Азæмæт)***

Иуахæмы дардыл айхъуыст, цъамадаг Цъынгуыр ус æрхаста Цъæйыхъæуы цæрæг Басайы буц хаст иунæг чызг Адæсейы. Уындæй дæр æмæ ‘гъдауæй дæр Адæсе уадиссаг нæ уыдис, æмæ адæм дис кодтой, Цъынгуыр æй куыд ракуырдта, ууыл. Цъæйыхъæуы цæрджытæ та дзырдтой: Адæсе Цъынгуыры хусæй ныддасдзæн. Æмæ, æцæгдæр, адæм нæ фæрæдыдысты. Адæсе Цъынгуыры хæдзары куы ’рбындурон, уæд йæ хъахбайдзинады дзæкъул арæдывта. Канд сыхбæстыл нæ, фæлæ æнæхъæн хъæуыл дæр æлдариуæг райдыдта. Цъынгуыры ныфс æмæ хъару дзынгайау рацъырдта, æмæ лæг йæхимидæг баруад, донмæ йæ скъæрдта æмæ йæ фæстæмæ æнæ донæй здæхта. Цъынгуыры уд æрдуйæ нарæгдæр сси, йæ цыт, йæ кад, мартъийы митау, батад, æмæ йыл æвзæры гакк æрбадт.

Адæсейы хъахбайдзинад комæйкоммæ, хъæуæй-хъæумæ дзырддаг фæцис. Адæм удхæссæгæй афтæ нæ тарстысты, Адæсейæ куыд рызтысты, фæлæ йын никæй бон ницы уыд. Фæсаууон дæр дзы æмризæджы рызтысты. Фæлæ, куыд фæзæгъынц, фыдбон æмæ фыдлæг бирæ нæ хæссынц. Иуахæмы усы зæрдæ сырды фыд æрцагуырдта. Æрбасидт Цъынгуырмæ. Мæнæуы мыстау, йæ цыргъ æфсæртæ кæрæдзиуыл сцагъта, дæндæгтæ «цæхæр» акалдтой, æмæ дын йæ лæгæн афтæ: «Цы бадыс ам, хæфсау, мæ разы?! Фæцу тагъд Хъæриуы хохмæ цуаны æмæ мын сырды фыд æрбахæсс!»

… Æртæ боны фæрахау-бахау кодта хæхтыл Цъынгуыр, фæлæ æгæрмæгуыр зулдзаст тæрхъусыл дæр йæ цæст не ’рхæцыд. Къахихсыд, уæрагвæллад бацис, æмæ, иу ран къæдзæхы тигъыл сычъи йæ фарс куыд ныхта, афтæ йæ бахста. Сырд фæцæф æмæ уырдыгмæ Субийы хъæды ’рдæм алыгъд. Цæф сырды фæдыл цæугæйæ, иу ран, дыууæ айнæджы ’хсæн Цъынгуыр федта стыр фæткъуы бæлас. Йæ бæзджын къалиутыл, мыды дзæкъулты хуызæн, сырхварс фæткъуытæ зæу-зæу кодтой. Фæллад цуанонæн йæ комы дæттæ ‘руадысты, йæ цæф сырд дæр дзы ‘рбайрох æмæ амæлттæ кæнын байдыдта дыргътæй æртонынæн. Фæлæ уый афтæ æнцон нæ разынд. Айнæг къæдзæхы, æнæбын уæрмауы, æрзади бæлас. Бацæуæн æм ничердыгæй ис. Æрмæст иу ран бæлас, цыма айнæджы былмæ ‘рбавналынмæ хъавыд, афтæ йæ зад къалиу æрбазæбул къæдзæхы тигъмæ. Цъынгуыр къæдз лæдзæг сарæзта, къалиу æрбайвæзта, æмæ дзы дыууæ фæткъуыйы йæ къухы бафтыд. Изæрæй лæг афтид дзæкъулимæ куы ’рбаздæхт, уæд æй ус куыннæ фæцæйхордта. Фæлæ фæткъуытæй куы ахордта, уæд дзы сырды фыд æрбайрох. Дыккаг бон ус Цъынгуыры фервыста, уыцы фæткъуытæй бирæ æрхæсс, зæгъгæ, фæлæ афтидæй фæстæмæ ‘рыздæхт, æртонын дзы йæ бон нæ баци. Уый айхъусгæйæ, Адæсе пиллон арт фестад.

– Цом, бацамон мын бæлас, æз дзы мæхæдæг æртондзынæн, – загъта сылгоймаг.

Айнæджы былыл куы алæууыд Адæсе, уæд йæ сæр куыройы цалхау разылд, хорз æм бæргæ нал каст, фæлæ уæддæр йæ лæджы цæсты бафтыны бæсты йæхи фæсæрæн кодта æмæ бæласы зад цонгмæ йæхи байвæзта. Бынмæ фæкаст, фæцудыдта æмæ хъæргæнгæ айнæджы тигъæй сæрбихъуырæйттæнгæнгæ атахт.

– О Хуыцау, табу дæхицæн, æнæнхъæлæджы дзы фервæзтæн, – йæхинымæр скуывта Цъынгуыр. Фæлæ, æгас ма у, уый куы базыдта, уæд йæ сæрыхъуын арц слæууыд.

Бынæй, бæласы рæбын, фынæйæ хуыссыд стыр залиаг калм. Адæсе калмыл ныххауд æмæ цъæррæмыхст дæр нæ фæци. Калм фехъал, æмæ усимæ мæлæтдзаг тохы бацыдысты. Адæсе хъæр, хъыллист систа. Зæвæтдзæгъдæн кæны, дæндагæй лæбуры, фыд æлгъыстыл нæ ауæрды, афтæмæй калмы йæ уæлныхты систа. Калм уæле лæджы куы федта, уæд æм дзуры:

– У-у, æз де уазæг, фервæзын мæ кæн ацы фыдбоныгуырд сылгоймагæй, æмæ дын æртæ хорздзинады ракæндзынæн.

Цъынгуыр даргъ хъил ракодта æмæ йæ калммæ ныддардта. Калм куы фæуæле, уæд Цъынгуыр хъил иуварс фехста.

– Охх, охх, Хуыцауы фæрцы, мæ хæйрæг усæй фервæзтæн, – бакодта лæг æмæ йæ тæрныхы хид дысæй асæрфта.

– Охх, охх, дæ руаджы зындонæй фервæзтæн, – загъта калм æмæ фæстæмæ фæкæсфæкæсгæнгæ афардæг.

Адæсе кæд арф дзыхъхъы аирвæзт, уæддæр дзы Цъынгуыр æдас нæ уыд. Йæ зæрдæйы рызт нæ цыд, мыййаг, исты мадзæлттæй куы схиза æмæ... Мæйæ фылдæр рацыдаид, афтæ дын Цъынгуыр тæрсгæризгæйæ фæцыд йæ усы сæфæн бынатмæ. Айнæджы тигъæй ныккаст



æмæ æхсызгонæй йæ риуы дзаг сулæфыд: «Сынтыты амæттаг фæци».

Бонтæ цыдысты... Иуахæмы Цъамадмæ ‘рбайхъуыст æбуалгъ хабар. Бирæгъзæнгыл, дам, залиаг калм æртыхст, æмæ тас у, æнæхъæн хъæу куы бахæра, уымæй. Цъынгуыр айтæ-уыйтæ нал фæкодта, фæлæ фæраст фæдисы. Хъæумæ куы ныххæццæ, уæд залиаг калммæ дзуры:

– Мæ хатырæй, суæгъд кæн ацы хъæубæсты æмæ ма мæ дыууæ хорздзинады дардзынæ.

– Хорз, – загъта калм æмæ æхситгæнгæ хъæды къохтыл афардæг. Хъæубæстæ куыннæ фæарфæтæ кодтаиккой сæ ирвæзынгæнæгæн. Фос лæвæрттæ йын фæкодтой, æмæ фæстæмæ Цъамадмæ ‘рбафардæг. Бирæ рæстæг нæ рацыд, афтæ та хабар æрбайхъуыст, Цъобийы хъæубæсты залиаг калм хæры, зæгъгæ. Цъынгуыр та тæргæ бæхæй фæдисы уым бамидæг.

– Мæ хатырæй, суæгъд кæн ацы хъæубæсты, æмæ ма мæ уæд иу хорздзинад дардзынæ.

– Хорз, – загъта та калм æмæ уырдыгæй дæр афардæг. Куыннæ та сбуц кодтаиккой сæ ирвæзынгæнæджы адæм. Фос лæвæрттимæ та йæ уыдон дæр заргæ Цъамадмæ схæццæ кодтой.

Дардыл та хъуысын байдыдта Цъынгуыры кад, йæ лæгдзинад. Гъе фæлæ та иуахæмы хабар сыхъуыст Цъамадмæ.

– Залиаг калм Къобортыхъæуыл æртыхст æмæ сæ хæрдзæн. Цъынгуыр та фæдисонæй уым дæр балæууыд.

– Иу хорздзинад ма мæ дарыс, æмæ дæ уый ныхмæ курын, ацы хъæубæсты суæгъд кæн.

– Хорз, фæлæ дæ ныр ницыуал дардзынæн, æмæ ма дæ кæд цæрын фæнда, уæд мæм амæй фæстæмæ дæхи мауал равдис, – загъта мæстыйæ калм æмæ та хъæды къохты афардæг.

Бирæ хæзнатæй, фосæй сбуц кодтой Къобортыхъæу Цъынгуыры æмæ та йæ уыдон дæр заргæ, худгæ Цъамадмæ схæццæ кодтой.

Уæд та дын иу ахæмы бæстæ фæдис ссис, залиаг калм Зилахары хъæуыл æртыхст, æмæ хъæубæстæн сæ удтæ æрдуйæ нарæгдæр систы. Цъамады номдзыд Цъынгуыр дæр та йæ дугъоныл саргъ бавæрдта æмæ фæдисонты разæй уырдæм фæци. Зыдта йæ, бæргæ, залиаг калмыл фæуæлахиз хъаруйæ йæ бон кæй нæ бауыдзæн, фæлæ...

Калм Цъынгуыры дардмæ куы ауыдта, уæд йæ дынджыр дзых фæхæлиу, йæ саджил æвзæгтæ фæцъыллинг ласта, цæстытæ туджы разылдта æмæ дын афтæ:

– Гъей, хæххон дзигло, ныр мын нал аирвæздзынæ, ныронг дæр дæм барæй лæмæгъ лæууыдтæн!

– Бахатыр кæн, мæ хæлар, æз дæумæ курæг нал цæуын, фæлæ дæ сæр æфснайыны кой кæн, мæ налат ус уыцы дæлзæхæй сбырыд æмæ дæ агуры, – загъта Цъынгуыр.

Калм дын уый айхъуыста, цы, афæлурс, фыртæссæй æрбампылд, гъе, стæй йæ тыхджын къæдзилæй ныцъыллинг ласта æмæ лидзынтæ systa. Авд комы, авд æфцæджы сæрты ахызт, æмæ йæ кой абоны онг дæр нал ис. Цъынгуырмæ йæ фыццаджы кад æрыздæхт.

Цъынгуыр ныр йæ кæстæртæн фæдзæхсы: «Уæ зæрдыл дарут: фыдсыл – хæдзархал, хорз ус – хæдзардар».

**ХЪАЙТТАТЫ Сергей,**
**«Ирон хабæрттæ»,**
*Дзæуджыхъæу, 1998 аз*

Ахуыдынæн

# «Æррадонæй йæ рахуыдтон…»

Æхсайæм азты æрцыд ацы худæджы хабар. Уæздинæйы мадыхо Зæрæдайы горæты рынчындæттæй иуы сæвæрдтой, тыхджын суазал кодта, кæд сусæны мæй уыдис, уæддæр, йæ хуыфæгæй хæхтæ æмæ кæмттæ арыдта. Дохтыртæ ма уыцы заман фæлмæнзæрдæ уыдысты, рынчынты дзыпмæ нæ кастысты, æмæ сылгоймаг цыбыр рæстæгмæ дзæвгар фæдзæбæхдæр. Иу ныхасæй, цалынмæ йæм Уæздинæ æмæ йæ сæрыхицау Ахъмырзæ рынчынфæрсæг цыдысты рæбыныхъæуæй, уæдмæ йæхиуыл фæхæцыд, æмæ йæ дохтыр хъуамæ дыккаг бон рафыстаид.



Рынчынфæрсджытæ уымæн ницы зыдтой, исты сæм нырау чырæг телефонтæ уыд, æмæ ‘хцайыл нæ бацауæрстой, сæйраг базары дунейы диссæгтæ æрæлхæдтой. Раст дыууæ хызыны байдзаг кодтой – хъæуæй цы хæдзарон карк æмæ хæбизджынтæ схæццæ сты, уыдоныл ма бафтыдтой дыргътæ, халсартæ, стæй адджын дæттæ.

Уыцы заман пластик ботъылатæн сæ кой дæр нæма уыд, æвджыты сæ уагътой, æмæ дзæвгар уæззаудæр уыдысты. Нæлгоймаг йæ сæрмæ хызынтæ хæссын нæ хаста, æмæ сæ, мæгуыр, Уæздинæ разæнгардæй æнтъæрдта, афтæмæй иуафон бынатмæ бахæццæ сты.

Тынг сыл бацин кодта рынчын, абадтысты йæ разы, рафæрс-бафæрс æй кæнынц йæ низыхаттæй. Зæрæда зæрдæхъæлдзæгæй загъта, райсом, дам, нæхимæ цæуын. Бирæ бæрæггæнджытæ йæ уыд, йæ тумбæчкæ æддæмæ ракæл-ракæл кодта, æмæ сын сæ хуынтæ фæстæмæ рарвыста, уый нæ, фæлæ ма сыл æфтаугæ дæр бакодта, уæддæр цæугæ кæнын, зæгъгæ.

Лæг æмæ ус рацыдысты, æмæ та хызынтæ Уæздинæйæн хæсгæ рауадысты. Йæ къухтæ йæ зæвæттæм æрхæццæ сты, нал фæразы йæ уæргътæ хæссын, æмæ йæ моймæ дзуры, фехуыс мын кæн, зæгъгæ. Уый йæ цыма хъусгæ дæр нæ кæны, афтæ размæ тындзы автостанцæйы ’рдæм. Иу къорд хатты йæм бахатыд, фæлæ Ахъмырзæ ахæм лæг уыд, æмæ хызын хæссын йæ сæрмæ чи ’рхæсса?!

Æмæ дын иу уысм цыдæр тъæпп фæцыд, æвджыты дзыгъал-мыгъул райхъуыст – уый Уæздинæ йæ хызынтæ зæххыл ныццавта! Адæм сыл æрбамбырд сты, цымыдисæй сæм кæсынц.

Ахъмырзæ йæ къухæй усмæ амоны æмæ сæм дзуры:

– Хорз адæм, диссаг уæм мацы фæкæсæд, ацы мæгуыр рынчын сылгоймаг Камаловайы рынчындонæй рахуыдтон. Ницы хуыздæр кæны, æмæ, дам, æй уæхимæ алас...

# Алардыйы амæттаг



**Ныртæккæ ма сывæллон кæм ис! Зонды къуыбæрттæ, сæ мады гуыбынæй уыцы арæхстджынæй рацæуынц. Æрæджы нæ сыхаг чындз та лæппу ныййардта, æмæ уæ нæ бауырндзæн, фæлæ райгуырд аст дæндагимæ!**

**Ме ‘фсымæры чызг Аланкæ дæр уыцы фæлтæрæй у, мæнæ «дети индиго» кæй хонынц, уыдонæй. Дзырдарæхст гыццылæй нырмæ, ахæм ныхæстæ-иу дзы схауд, æмæ-иу дисæй амардыстæм. Дыууæ азы йыл цыдаид, афтæ къæбæда чызг йæ бабуйы батыхсын кодта, алыхуызон фарстатæ йæм дæтты, уыимæ – ахæмтæ дæр, æмæ ус дзуапп кæмæн нæ зоны. Иу ныхасæй, бабу бафæллад, смæсты æмæ иуафон чызгыл фæхъæр кодта:**

**– Аларды дæ адавæд, ды ма мæ мæхи мæгуырыл куы ныууадзай, уæд!**

**Аланкæ та йæ алыварс цъил фестад æмæ та йæ афарста:**

**– Бабу, æмæ мæ Аларды афæраздзæн?**

# Хъуыддаг æвæсмон рауад…

Дыгургомы, зæдтæ ‘мæ дауджыты бадæн бынаты, диссаджы уадзымыс адæм цæры. Ис мын дзы бирæ зонгæтæ, хорз хæлæрттæ – дыууæ азы дзы бакуыстон университет каст фæуыны фæстæ уырыссаг æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæгæй.



Уыцы хæлæрттæй иу – Роберт (рухсаг уæд, ковиды рæстæг йе ‘цæг дунемæ ацыд) куыста Дзынагъайы турбазæйы инструкторæй – æстайæм азты туристтæ тынг арæх уыдысты Ирыстоны кæмтты – раст-иу арвы кæрæттæй схæццæ сты сæ фæллад уадзынмæ. Афтæ, Роберт туристты къорд Къæрæугомы цъитимæ фæхуыдта сентябры кæрон. Ихты сæрыл йæ рæбын цы цад ис, Микелай, уым йæхи чызджыты цæстмæ цынадта æмæ тынг суазал кодта. Æрластой йæ Цыколайы рынчындонмæ æвæстиатæй. Ам æй дзæбæх кодтой иу рæстæг, æмæ дын æрыгон чызг, медицинон хо Валяйыл йæ цæст куы ‘рæвæрид лæппу. Æмæ куыд нæ! Диссаджы рæсугъд чызг, раст дзы хуртæ æмæ мæйтæ каст, уыимæ – уæздан, æфсæрмдзаст.

Йæхиуыл куыддæр фæхæцыд Роберт, афтæ йæ скъæфынвæнд скодта æвæстиатæй. Йе ‘мбæлттимæ баныхас кодта, хæдтулгæйы бабадтысты æмæ сæ фæндаг Цыколамæ адардтой. Лæппутæн бамбарын кодта, чызг, дам, разы у, ныхасгонд стæм, фæлæ, дам, кæй зæгъын æй хъæуы, нæ комдзæн, цæстмæ митæ кæндзæн, фæлæ сæ мацæмæ ‘рдарут, афтæ, дам, вæййы. Ныр цæй ныхас æмæ цæй æндæр, дзырдмæ дæр æм никæд æрлæууыд Валя.

Уыдис ноябрь, хæхты мит æрæуарыд, дзæбæх уазал бон скодта. Цы уыди, уæддæр, чызг куыддæр куыстæй рацыд, афтæ йын йæ фæндаг рацахстой хохаг гуыппырсартæ æмæ йæ хæдтулгæйы тыхтъыст бакодтой. Йæ дзабыр дæр кæмдæр ахаудта, мæгуыр. Машинæйы газ нылхъывтой æмæ фæцæуынц. Ныр чызг йæхи марынмæ ‘рцыд, кæуы, лæбуры сæм, дуарыл архайы... Афтæ хъæбысæйхæцгæ иу заман тъунелæй бахызтысты æмæ Лæгты зæды кувæндоны раз æрлæуыдысты. Фæндаггæгтæ сæм уыдис, æмæ хъуыддаджы фæрæстмæйы тыххæй акуывтой. Валя та сæм кæугæйæ йæхи бахатыдта, уæ хорзæхæй, кæцæй мæ раластат, уырдæм мæ фæстæмæ аласут, зæгъгæ. Уæд дын лæпputæй иу – Фидар рамæсты, ома, цæуыл ма тъыбырттытæ кæны, кæд Робертимæ ныхасгонд уыдысты, уæд, зæгъгæ, æмæ йын афтæ:

– О, гъеныр ам зымæгон фæндæгтыл дæу ралас-балас кæндзыстæм!..

Бафтауын ма мæ фæнды кæронбæттæны, тынг æвæсмон рауад хъуыддаг.

Скæсæйнаг æмбисæндтæ

# Сылгоймæгтæм дæр хатгай байхъусын æмбæлы!

Раджы заман иу молло хъæуи-хъæу зылди, æмбырд кодта закят – пысылмон дины, йæ бон æй фидын кæмæн у, уыдонæй ист æрвылазон хъалон. Иу хъæуы бафысым кодта иу хæдзары. Хъæуы æппæт цæрджытæ дæр уырдæм æрæмбырд сты, цæмæй моллойы уазамындмæ (проповедь) байхъусой.



– Дунейы æппæты стырдæр тæригъæдтæй иу у, – дзырдта молло, – сылгоймаджы уынаффæмæ байхъусын æмæ, уый куыд зæгъы, афтæ бакæнын. Сымахæй исчи, амæлгæйæ æмæ, æппæт фæлтæрæнты сæрты ахизгæйæ, Хуыцауы раз куы ‘рлæууа, уæд фендзæн аргъауы хуызæн ныв. Не Скæнæг ын бавдисдзæн йе ‘ппæт гæнæнтæ æмæ тых. Фæлæ, йæ царды мидæг йæ усмæ чи хъуыста, уыдон æппæт уыцы диссæгтæ нæ фендзысты.

Уыцы ныхæстæм лæмбынæг хъусæг джигит Сыргабай æваст афтæ бакодта:

– Гъе уый дын диссаг! Гыццыл ма бахъæуа, æмæ стыр тæригъæддзинад сарæзтаин!..

– Цы зæгъынмæ хъавыс уымæй? – фæрсмæ йæм бакаст молло.

– Мæ усæн загътон: моллойæн фыс раттæм, – дзуры джигит. – Уый та мын афтæ, нæ, бæх, дам, ын ратт. Ныр сагъæсы бацыдтæн, гыццылтыл стыр тæригъæддзинад сарæзтаин.

– Цæмæ тæригъæддзинад? – молло уайтагъд фæзылд джигитмæ. – Сылгоймаг дæр Хуыцауы сконд у. Уыдонмæ дæр иуæй-иу хатт байхъусын тæригъæддзинад нæу.

# Ныфсджын цагъайраг

Хусейн уыдис Мæхæмæт Пехуымпары фыртыфырт. Йæ хæдзар уыд рæсугъд, йæ чыссæ та – æхцайæ дзаг. Йæ зæрдæхудты чи цыд, уый хъæздыг лæджы зæрдæхудты цыд, æмæ уымæн та йæ маст æгæрон уыд.



Иухатт Хусейн сихор куы хордта, уæд йæ рæзты уацайраг фæцæйцыд фыцгæ доны къусимæ. Йе ‘намондæн, фыцгæ доны ‘ртæхтæ Пехуымпары фыртыфыртыл бакалдысты, æмæ уый мæстыйæ йæ дзыхыдзаг ныхъхъæр кодта. Уацайраг йæ зонгуытыл æрхауд, фæлæ нæ фæтарст æмæ йын Хъуыранæй айат йæ зæрдыл æрлæууын кодта:

– Дзæнæт, йæ маст чи уромы, уыдонæн у!

– Æз нæ мæсты кæнын, – зæгъта Хусейн, уыцы ныхæстæ фехъусгæйæ.

– … æмæ, адæмæн чи хатыр кæны, уыдонæн у, – дарддæр дзырдта цагъайраг.

– Æз дын хатыр кæнын, – загъта Хусейн.

– … уымæн æмæ Хуыцау уарзы тæригъæдгæнджыты, – бафтыдта ма цагъайраг.

Уыцы ныхæстæ фехъусгæйæ, Хусейны маст цыдæр фæци. Йæхимæ куы ‘рцыд, уæд цагъайраджы сыстын кодта æмæ загъта:

– Нырæй фæстæмæ сæрибар адæймаг дæ. Мæнæ ацы цыппарсæдæ æвзист æхцайы айс.

Хусейн мæстыгæр цас уыд, уыйас уыди зæрдæхæлар, бараг дæр æмæ уæдæй фæстæмæ архайдта йæ маст уромыныл.

# Йæ ахуыр нæ фехæлдта

Иу сомихаг лæг сахуыр изæрыгæтты йæ хæзгулмæ цæуын æмæ йæ рæстæг хъæлдзæгæй æрвитын. Афтæмæй ссæдз азы дæргъы сылгоймагимæ æхсызгон ныхæстæ кодта, йемæ къамтæй хъазыд æмæ афтæ дарддæр. Æмæ, йæ ус куы амард, уæд ын хæстæджытæ æмæ зонгæтæ дзырдтой:

– Мах дæ не ‘ппæт дæр зонæм. Хуыздæр уаид, уыцы сылгоймаджы куы ракурис æмæ йæ дæ хæдзармæ куы ‘рбахонис. Дæ зæрдыл ма нæ фыдæлты æмбисонд æрлæууын кæн: «Æнæ фыддзинадæй хорздзинад нæй».

Нæлгоймаг не сразы йæ хæстæджытæ æмæ зонгæтимæ:

– Нæ, нæ! Ницæй тыххæй! Уымæн уæвæн нæй! Ме ссæдзаздзыд ахуыр куыд хъуамæ фехалон? Мæ хæдзармæ йæ куы ‘рбахонон, уæд ма изæрыгæтты кæдæм цæудзынæн, мæ рæстæг кæм æрвитдзынæн, кæимæ ныхас кæндзынæн, мæ сагъæстæ кæмæн дзурдзынæн?

**Фарс бацæттæ кодта**
**ГАПБАТЫ Алетæ**



Спортивон фидиуæг



Бæрæгбон

# Физкультурничы бон — Доны станцæйы

**Райсом, 9 августы у Физкультурничы æппæтуæрæсеон бон. Бæрæгбон арæзт цæуы паддзахадон программæ «Уæрæсейы спорт»-ы фæлгæты, æмæ йæ нысан у физикон культурæ æмæ спортæй архайынмæ нæ бæстæйы цæрджыты разы кæнын.**

**Нæ республикæйы Физкультурничы бæрæгбон райдайдзæн Дзæуджыхъæуы сæрмæ Доны станцæйы.**

**Ацы ранмæ бæрæгбонаразджытæ хонынц нæ горæты цæрджытæ æмæ уазджыты, 8:00 сахатæй фæссихормæ чи цæудзæн, уыцы алыхуызон спортивон хъæзтытæ æмæ хиирхæфсæн мадзæлтты архайынмæ.**



**Ам алы кары уæвæг нæлгоймæгтæ æмæ сылгоймæгтæн фадат уыдзæн сæхи аирхæфсынæн, цы спорты хуызтæ уарзынц, уыдонæй архайгæйæ.**

**Доны станцæйы цы спортивон фæзтæ ис, уыдоны ерыстæ цæудзысты: штангæ исынæй, армрестлинг, мас-рестлинг, волейбол, стритбол, баскетбол, мини-футбол, шахмæттæ, стъолыл хъазгæ теннис æмæ ма ноджы цалдæр адæмон спорты хуызтæй. Тыхджындæрты бæрæг кæндзысты конкурсон «Кавказаг уæйыг» æмæ «Æфсæйнаг къух»-ы ерысты.**

**Бæрæгбоны кæй бафæнда, уыдонæн фадат уыдзæн ГТО-йы домæнтæ сæххæст кæнынæн.**

**Ерысты æппæт хуызты дæр фæуæлахизуæвджытæ æмæ призон бынæттæ бацахсджытæ хорзæхджын æрцæудзысты майдантæ æмæ дипломтæй.**

*РЦИ-Аланийы Физикон культурæ æмæ спорты министрады пресс-службæ*

Не ‘мдугонтæ

# Кусæг адæймагæн аргъ кæнынц

**Бирæтæй фехъусæн ис, бæгæныфыцæн кампани «Бавари»-йы æнцон кусæн нæу, зæгъгæ. Лæмбынæг æркæсгæйæ, зын бамбарæн нæу – ахæм хъуыдыйыл хæст сты куысты уаг халджытæ, магусатæ, хуыскъастæутæ кæй фæхонынц, ахæмтæ. Дæ размæ ‘вæрд хæстæ, куыд æмбæлы, афтæ куы ‘ххæст кæнай, уæд ахæм кусæгæн аргъ кæнын зоны куыстдæттæг. Уый нæ, фæлæ ма йын бæрнондæр бынат дæр бабар кæнынц. Афтæ рауад ХЪАЙТМАЗТЫ Вячеславы хъуыддаг дæр.**



Хæрзæрыгонæй райдыдта йæ фæллойадон фæндаг «Бавари»-йы 20 азæй раздæр. Лæппу каст фæци физикон-математикон, фæстæдæр та – юридикон факультет. Йæ бинонты нæлгоймæгтæ се ‘ппæт дæр куыстой барадхъахъхъæнæг оргæнты, æмæ Вячеславмæ дæр уымæ æнхъæлмæ кастысты. Фæлæ хъысмæтмæ, фæстæдæр куыд рабæрæг, афтæмæй уыд æндæр фæндтæ. Лæппу рæстæгмæ куыстмæ бацыд «Бавари»-мæ æмæ дзы абоны онг бафæстиат.

Фыццаг уыд операторы æххуысгæнæг, цыбыр рæстæгмæ йæ снысан кодтой операторæй. «Уыцы рæстæг автоматизацигонд нæма уыд, æмæ куыст зын уыди, фæлæ мæ мадæн загътон, ам кусын мæ кæй фæнды. Дарддæр бæгæныфыцæн цехмæ ивд æрцыдтæн. Ам мæ зæрдæмæ тынг цæуы – у цымыдисаг, фæлæ тынг бæрнон куыст. Гыццыл къуылымпы уагъд куы ‘рцæуа, уæд æппæт дæр фесæфдзæн, уымæ гæсгæ дзы хъæуы лæмбынæгдзинад», – зæгъы Хъайтмазы-фырт.

Абон Вячеслав у бæгæныфыцæн цехы технолог, иудадзыг йæ цæст дары ацы продукт рауадзыны æппæт къæпхæнтæм дæр. Йæ хъуыдымæ гæсгæ, кампанийы кусæг адæймагæн аргъ кæнынц, мыздæй никæй зæрдæхудты цæуынц, æмбæлгæ уагыл æй фидынц, уыимæ дзы ис карьерæйы рæзты гæнæнтæ. Æппæт уыдæттæ Вячеслав йæхиуыл банкъардта, æмæ йæм йæ куысты бынат аивыны хъуыды æмгæрон нæ цæуы.

«Цы хæстæ æвæрд дыл ис, уыдон цæсгомджынæй æххæст кæн, æмæ алцыдæр уыдзæн нывыл. Куысты фæтк карз у, фæзæгъынц иуæй-иутæ. Æмæ уæдæ хъуамæ цавæр уа, кæд æмæ уый æнтыстдзинады сæйраг рахæцæн у? Мæн фæнды, тагъд рæстæджы æрмæст Ирыстоны нæ, фæлæ нæ бæстæйы алы ран дæр, «Бавари» дзырд фехъусгæйæ, адæмæн, фыццаджыдæр, сæ цæстытыл мах кампани æмæ йæ продукци куы уаид, æмæ æрмæст уый фæстæ – немыцаг провинци, – мидбылхудгæ зæгъы Хъайтмазты Вячеслав.

**ГАПБАТЫ Алетæ**

# Дзырдбыд



**ФÆРСЫРДÆМ:** 7. Къухыдарæс. 8. Бæласы мыггаг. 11. Хъæбысæй хæцæг. 12. Фосы низ. 13. Къуырма. 17. Така. 20. Æфстау. 21. Бæхифтындзæн транспорты хуыз. 22. Партийы раздзæуæг. 23. Бæхифтындзæн дзаума. 24. Бырынкъ. 25. Боксы æртæ минуты. 26. Дидинæджы рыг. 29. Цæугæдон Фæскавказы. 31. Горæт Узбекистаны. 32. Къахыдарæс. 33. Æнамонддзинад. 37. Хæринаджы хъацæн. 41. Рагон бердзенаг поэт. 42. Адджын гуыл. 43. Сывæллонмæ зилæг. 44. Хабар хъусынгæнæг фыдæлты рæстæг.

**БЫНЫРДÆМ:** 1. Донгъæды гыццыл хай. 2. Тæхæг тугцъир. 3. Хъæбæрцъар дыргъ. 4. Гутонсыгъдæггæнæн. 5. Авг лыггæнæн. 6. Уæлæдарæс. 9. Æррабийы æмбал. 10. Гыццыл рæстæг. 14. Царды кæрон. 15. Ком Ирыстоны. 16. Куырд æмæ хосдзауы кусæнгарз. 18. Скифты цыбыр цирхъ. 19. Каджын хистæр кавказаг адæмтæм. 27. Хæдзар. 28. Денджызон стигъæг. 30. Къæдзæхы тигъ. 34. Низ. 35. Бирæ наутæ иумæ. 36. Къæбицы дзаума. 38. Уæлæдарæс. 39. Цармæй конд хорлуарæн. 40. Хæдзарон маргъ.

## Дзуаппытæ 1 августы мыхуыргонд дзырдбыдæн

**ФÆРСЫРДÆМ: 2. Муссæ. 4. Стонс. 8. Тулы. 9. Иран. 10. Засниц. 12. Рухсад. 13. Сæрд. 15. Тута. 17. Сабырдзинад. 19. Рындз. 20. «Ахсæв». 23. Фарин. 24. Фæлтæрддзинад. 27. Саргъ. 28. Дакар. 31. Куыст. 34. Сæргълæууæг. 35. Фурд. 38. Аргъ. 40. Уахъæз. 41. Тесмел. 42. Нард. 43. «Азтæ». 44. Уадул. 45. Æрдын.**

**БЫНЫРДÆМ: 1. Тулæ. 2. Мызд. 3. Саниба. 5. Тохына. 6. «Сидт». 7. Уарт. 11. Цюрих. 12. «Размæ». 14. Рæдыд. 16. Углич. 17. «Сидзæргæс». 18. Драматург. 20. Азæлд. 21. Судак. 22. Везер. 25. Сабыр. 26. Усгур. 29. Ахъаз. 30. Асæст. 32. Аркъау. 33. Хуысар. 36. Уран. 37. Дуду. 38. «Алан». 39. Гете.**

Къамтæ дзурынц

# Рагон рæстæджы фæлгонцтæ Алла Кёлеры альбомты



Галиуырдыгæй рахизырдæм лæууынц: Санаты Ибрагимы фырт Рустем, Санаты Ибрагимы фырт Бимболат;

бадынц: Санаты Омары чызг Фузæ, Санаты Бойы фырт Ибрагим, Санаты Ибрагимы чызг Фатимæ, Саханты Абайы фырт Басиат;

сывæллæттæ: Санаты Адылджерийы фырт Хаджиомар, Санаты Ибрагимы фырт Руслан.

Уæлахиз

# Чысыл нывгæнæджы фыццаг æнтыст

**Нæ гыццыл сæрæн чызг Токаты Аннæ сси Президентон платформæ «Уæрæсе – гæнæнты бæстæ»-йы Æппæтуæрæсеон конкурс «Мæ бæстæ – мæ Уæрæсе»-йы уæлахиздзаутæй иу.**

**Сывæллæтты сæрмагонд номинаци «Мæ бæстæйы адæмты аргъæуттæ»-йы Уæрæсейы алы регионтæй архайдта мин сабийæ фылдæр. Токаты Аннæйы ныв «Нарты Ацæмæз æмæ сыгъзæрин уадындз» нымад æрцыд куыд хуыздæртæй иуыл.**



**Æрыгон нывгæнæг йе ‘ргом аздæхта Нарты кадджытæм æмæ сныв кодта Ацæмæзы – йæ алæмæты диссаджы уадындз-иу, кадæджы куыд загъд ис, афтæмæй, æрдз кæмæй райхъал кодта æмæ-иу, дуне аив зæлæй чи байдзаг кодта, уыцы хъæйтармæ.**

**Аннæйы ныв хаст æрцæудзæн аргъæутты æрвылазон æмбырдгондмæ. Нæ республикæйы Сæргълæууæг Сергей Меняйло йæ телеграм-каналы арфæ ракодта Аннæйæн æмæ загъта, дызæрдыггаг нæу, ацы уæлахиз кæй уыдзæн йæ фидæны стыр сфæлдыстадон фæндаджы райдайæн.**



*ХЪОЙБАЙТЫ Майрæн*

Æмбисæндтæ

**ÆЛБОРТЫ Беллæ**

***Хуыцауыл чи ‘ууæнды, кæй уырны, кувгæ дæр æм уый кæны.***

***Сæ ивгъуыд цы адæм нæ рох кæнынц, сæ фидæныл дæр уыдон хъуыды кæнынц.***

***Аргъау æрымысæггаг у, фæлæ нæ рæстæй цæрыныл ахуыр кæны.***

***Ныхас хъус-хъус фæцæуы, фæлæ ныхасæй ницы ‘рцæуы!***

***Сой – тыхдæттæг, дойны – тыхсæттæг.***

***Сой дыл уазалæй æндæдзы, бахъарм æй кæн, уæд та фæйнæрдæм фæтæдзы.***

***Цæхх масты ад кæны, хæринаджы та хæрзад кæны.***

***Цæхх куыд маст у, цæхджын дæр афтæ маст у.***

***Цæхх ныддур вæййы, дур – ныццæхх.***

***Царв дзаджджын у, фæлæ йæ бын цæхджын у.***

***Æгæр ысфыдуаг нæ цæу, алкæимæ кæны быцæу.***

***Æгæр цæваг у нæ фыркъа æмæ асаста йæ сыкъа.***

***Хъуын тыхсгæ кæны, хъис – ныхсгæ.***

***Адæймагæн йæ фæрныгад цас хъæздыгдæр кæна, уыйас йæ удыхъæд та мæгуырдæр у.***

***Афтид æхсæр æнцон сæттæн у.***

***Зонд – барон, зæрдæ – фæразон.***

***Зонд зонаг у, зæрдæ – æнкъараг.***

***Ныхас зонды тых у, уарзт – зæрдæйы.***

***Зонд зондыл бахуды, зæрдæ йæ хиуыл æрхуды.***

***Искæй зæрдæхудты ма бацу, цæмæй дыл дæ зæрдæ ма бахуда.***

***Зонд уынгæ кæны, цæст – кæсгæ.***


## РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

Газет «Рæстдзинад»-ы коллектив хъыгзæрдæйæ тæфæрфæс кæны бинонтæ æмæ хиуæттæн, газеты активон æхсæнадон уацхæссæг

**ГÆЛÆБУТЫ**
**Андрейы фырт Мухарбег**

йæ цардæй кæй ахицæн, уый фæдыл.



Номыры радхæссæг редактор — **Дедегкаты Зæлинæ.**
Дизайн: 1-аг æмæ 2-аг фæрстæн — **Рубайты Нелли;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Гуыцмæзты Зæринæ.**
Корректортæ: 1-аг æмæ 2-аг фæрстæн — **Гаглойты Наташæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Кæлухты Фатимæ.**

"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты

Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитет.

Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)

Сæйраг редактор ФИДАРАТЫ Юрий

**Сæйраг редакторы исæн уат – 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ – 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ – 25-91-89.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз – 25-93-74, Абайты Эдуард – 25-99-33.** Рауагъды редактор: **Гæззаты Фатимæ – 25-96-16.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ – 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Татьяна Шехданова** (къамисæг) – **25-96-31, Баскаты Уырызмæг – 25-91-88, Гугкаты Жаннæ – 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ – 25-94-57, Хъойбайты Галинæ – 25-90-54, Хæмыцаты Морис – 25-93-68, Хуыбиаты Ларисæ – 25-96-31.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ – 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ – 25-67-03.** Корректортæ – **25-93-36,** компьютерон цех – **25-93-97.**

➢ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ, æнæмæнг, бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
➢ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не ‘рвитæм.
➢ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
➢ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11. Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фонды хатты. Индекс 53901. Тираж 2411. Заказ № 854. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа – 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд – 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**